ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№20-21 (23.429) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 4, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Іуэхугъуэ куэд къызэщІеубыдэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаазэм теухуа зэІуІщІа дыгъуасэ екІуэкІащ. Абы хэтащ щІыналъэ унафэщІхэр, депутатхэр, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъэхэм я лІыкІуэхэр, КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, дин Іуэхущіапіэхэм я лэжьакіуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэр тепсэлъыхьащ 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфІагъэкІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэми дызэрыт илъэсым республикэ унафэщІхэм гулъытэ зыхуащІыпхъэми. КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ блэкІа илъэсыр республикэмкІи къэралымкІи тыншу зэрыщымытар. Ауэ, абы емылъытауэ, щыналъэ унафэщІхэм яхуэзфІэкІащ цІыхухэм я псэукІэр ирамыгъэкІэкІуэну, республикэм и экономикэри зэтралыигъэну. Псалъэм папщІэ, 2016 гъэм кърикІуам тепщыхьмэ, валовэ щыналъэ продуктыр сом мелард 13-кІэ хэхъуащ икІи зэрыхуагъэфащэмкІэ, сом меларди 143-м нэблагъэ хъунущ. Мэкъумэщ Іэнатіэм кьитыр сом мелард 43,8-м нэсащ (2015 гъэм еплъытмэ, проценти 105-рэ мэхъу). Блэкіа илъэсым ухуэныгъэ и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм сом мелард 12,5-рэ къызэщІеубыдэ, проценти 6-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ 2016 гъэм Іуэхущіапіэ ину 34-рэ зэраухуар. Абыхэм ящыщщ Зэрэгъыж ГЭС-р, Налшык къалэ къыщызэІуаха Перинатальнэ центрыр, Жэмтхъэлэ Ипщэ дащыхьа курыт еджапІэр, Тэрчрэ Нарткъалэрэ узынщагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущіапіэу щащІа-хэр. Республикэм иІа ехъулІэныгъэхэм ящыщщ кьат куэду зэтет унэ 22-рэ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мин 68,6-рэ хъуу, зэраухуари. Уэынщагъэр хъумэныммкІэ Іэнатіэ 58-рэ къызэІуахащ, иджырей мардэм тет Іэмэпсымэхэр щІэту. Спорт, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущіапіэу 25-рэ ящІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ, УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм ящыщу, цІыхухэм Іэхутхьабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щагъэуэт Кьалэн куэд зыщІэзэщІэ центрхэр ухуэныр процент 90-кІэ республикэм зэрыщагъэзэщІар.

Экономикэ щытыкІэр гугъуми, налог хэхъуэхэм я фІыгъэкІэ республикэм и бюджетыр илъэсищым нэблагъэуэ зэпІэзэрытщ. Апхуэдэу 2016 гъэм щыналъэм езым и хэхъуэр процентри 111,2-м нэсащ. Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэм иригъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджы ягъуэу мылъкур тэмэму зезыгъэкІуэф щыналъэхэм. Абы щхьэкІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу республикэм сом мелардым щІигъу кІыІэрыхьащ. КІуэкІуэм къызэрыхуигъэщамкІэ, мы гъэм федеральнэ бюджетым дотацэ ахъшэу сом меларди 9,5-рэ республикэм кьритащ, ар 2015 гъэм еплъытмэ, сом мелардрэ ныкъуэкІэ нэхъыбэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэу кьытеувыІащ 2016 гъэр жылагъуэ, политикэ, щэнхабэр ІуэхугъуэшхуэхэмкІэ гъэнщІауэ зэрыщытами.

- Нэгъабэ Іэтауэ дгъэлъапІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъуар, жыджэру дыхэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хагъэхьэнухэм я хэхыныгъэм, мыхьэнэшхуэ иІащ «Полк уахътыншэ» урысейпсо акцэм ди цІыху мин 60-м щІигъу зэрыхэтам. УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыхигъэщауэ щытащ политикэм и купщІэ нэхъыщхьэу щытын хуейр - ар цІыхухэм дахуэсакъыныпхэ я псэукІэр едгъэфІакІуэнымрэ епхауэ зэрыщытыпхъэр. Республикэ унафэщІхэм къэкІуэну зэманми ди къалэн нэхъыщхьэу кьонэж унагъуэхэм защІэдгъэкъуэныр, кьалъхум я бжыгъэр хэгъэхуэныр. 2016 гъэм сабий зиІэ унагъуэхэм бюджетым яхухихащ сом мелардым щІигъу. Апхуэдэ Іэмалыр сэбэп хузэхуащ кьалъхум я бжыгъэр хэхъуэным, - пищащ Іэтащхьэм. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ сабий къалъхуагъащІэу лІэжьым я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар. 2017 гъэм пащэнщ къуэжаехм узынщагъэр щрагъэфІакІуэ Іэнатіэхэр къыщызэІухыным. ЗэрэубзыхуамкІэ, фельдшер-акушер пунктхэр дащІыхьынущ Курп Ищхъэрэ, Былым, Шордакъ къуажахэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаазэм гулъытэ хэха щыхуищІащ егъэджэныгъэ Іуэхуми. А Іэнатіэм зегъэужьыным ехьэлІауэ илъэс и пэ Налшык къыщызэІуахауэ щытащ Сабий творчествэмкІэ «ДыгъафІэ къалэ» академиер. Республикэ унафэщІхэм я мурадщ еджапІэм и къудамэхэр Май, Тэрч къалэхэм къыщызэрагъэпэщыну. Шэч хэмылъу, ахэр зэманым декІуу ягъахьэзырыну еджапІэщ.

Щэнхабзэм и гугъу щиІым, КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ 2016 гъэм Іуэхугъуэ купщІафІэ куэд республикэм зэрыщрагъэжьыкІэр, псом хуэмыдэу цІыху цІэрыІуэхуу Темыркъан Юрий, Евтушенкэ Евгений, Шемякин Михаил сымэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыригъэблэгъам мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Дызэрыт илъэсым тхыдэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ ин Къэбэрдей-Балъкъэрым дгъэлъапІэну кьытпэщытщ - ар Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъурщ. А Іуэхур тэмэму зэфІэтхыным дегугъун хуейщ, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

2017 гъэм зэлъжьыну Іуэхугъуэхэм къыщытеувыІэм, абы жиІащ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу егъэжьэжьынр, «Этана» промышленнэ Іуэхущіапіэр ухуэныр кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытынур.

- Ди экономикэм и зыужьныныгъэр зэлъытауэ щыт нэгъуэщІ зыщ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэр, - щІигъащ КІуэкІуэ Юрий и псалъэм. - Иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ егъэзэкІуэкІащ инвестицэ Іуэхур ди щІыналъэм щегъэфІэкІуэным теухуауэ. Мэкъумэщ Іэнатіэм зегъэужьыным нэгъабэ текІуэдащ кредит льготэ ахъшэу сом меларди 5,2-м щІигъу икІи кьэрал дэІэпыкъуныгъэу сом меларди 6-м нэблагъэ едгъэгъуэтащ. 2016 гъэм ГъавэрэкІыдзэкъулІащ - тонн зы мелуанрэ мини 150-рэ Іутхыжащ. Апхуэдэуи республикэм зэи кІыщымыхъуауэ, нартыху тонн мин 920-рэ ди губгъуэхэм кІыщытрахыжащ.

Транспортымрэ республикэм и гъэгуэхэмрэ я щытыкІэми КъБР-м и Іэтащхьэр тепсэлъыхьащ. Мы гъэм унафэщІхэм зыхуагъэувыж кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Налшык кьалэ и дзэльданІэхэм щащІ автовокзалитІыр яухуэныр зэфІагъэкІыныр, Налшык аэропортыр зэрагъэпэщыжьыныр, Тырныауз кьалэм автостанц дащІыхьыныр.

КІуэкІуэ Юрий республикэм и псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэм гугъуехь хэзэ зэрыпыщІар кьигъэлъагъуэри, Правительствэр абы и лъэныкъуэкІэ зэлъжьынухэр иубзыхащ.

- 2017 гъэр ЩІыуэпсым и илъэсу Урысейм игъэуващ. Шэч хэмылъу, абы и лъэныкъуэкІи дызэлэжьын диІэщ. Псом япэу ди кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ я кьабзагъэм дыкІэлъпІыпхъэщ. КъБР-м и Правительствэм илъэсым и япэ мазищыр имыух щыкІэ щыналъэ программэ зэхилъхьэн хуейщ кІэрыхухбжьэрыхухэр зэрыІуахым теухуауэ. ЩІыпІэкэр зэІуэпэщ щынымрэ щхъуантІагъэкІэ гъэдэхэнымрэ ехьэлІа Іуэхухэм цІыхухэри кьыхэшэным мыхьэнэ иІэу къызэлъытэ, - жиІащ КІуэкІуэм.

Іэтащхьэр тепсэлъыхьащ хьэрычэт Іуэху мащІэхэмрэ курытымрэ республикэм зэрызыщаужьым, цІыхухэм я хуитыныгъэр хьумэныкІэ зэлэжьыпхъэхэм, Іуэхьэм зэрыпэщІэтым, шынагъэншагъэм, нэгъуэщІхэмри.

- Ди зэманыр гугъущ. ИтІани, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, политикэ партхэм я лІыкІуэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр кьыхуезджэну сыхуейт я кьарумрэ зэфІэкІымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм я зэІуэпэщым хуаунэтІыну, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КІуэкІуэ Юрий яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым хэтхэм

КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щахуэзащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутату Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхахахэм. ЗэІущІэм кьрихьэлІащ Кьанокъуэ Арсен, Ульбашев Мухьэрбий, Марьяш Иринэ, Быф Анатолий, Геккиев Заур.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм парламентархэм фІыщІэ яхуищІащ ди щІыналъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр дгъэзекІыныкІэ властым и Іэзэщ1акІуэ органхэм зэрадэІэпыкъуным папщІэ икІи дэтхэнэми, езыр зыхэт партым емылъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэбэп зыхэлъхэр дгъэзекІыным дяпэкІи кьарууэ иІэр зэрырихьэлІэнур быдэу и фІэщ зэрыхъур къыхигъэщъхьэхьэкІащ.

«Фэри фощІэ, дызыхьэ ильэсри тыншу щытынукъым. Абы къыхэкІыу нэхъри нэхъ быдэу дызэпыщІауэ дызэдэлэжьэну сыщогугъ. Дэ псоми ди мурадыр зэтохуэ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий икІи сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэпэкІуэну Іуэхуэхэр кьыхахрэ елэжьмэ нэхъыфІу къызэрилъытэр къыхигъэщъхьэхуэкІащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр утыку йохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ «Ухуакіуэ колледжым щызэхэтащ «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» щІыналъэ чемпионатым зыхуэгъэхьэзыныкъэ ар егъэкІуэкІныныкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэхьэхьэр. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Нинэ. ЗэІущІэм кьрихьэлІащ министерствэхэм, ведомствэхэм, республикэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущіапіэхэм я лІыкІуэхэр.

ЧЕМПИОНАТЫМ и Іыхьэ нэхъыщхьэр щекІуэкІынур «Кавказ Ищхъэрэм управленэмкІэ и академие» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт Іуэхущіапіэраш. Абы зэпеуэхэм я унэтІныгъэу 8-р щыІэнущ. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым и зэІуцІэр къызэІуахьи ипэкІэ къызэхуэсахэр а академием кІуащ икІи Іуэхущіапіэм и щытыкІэм щыгъуазэ защІащ.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым Емуз Нинэ къигъэлъэгъащ апхуэдэ чемпионат ин нэхъапэм республикэм зэи зэрыщемыкІуэкІар. Къызэрагъэпэщу щытар еджапІэ щхьэхуэхэм щІэсхэм я конкурсхэрэ. Иджырей зэпеуэм хеубыдэ ІэщІагъэ куэд: блынкэр мывэ упсакІэ къищІыкІыныр, блынкэр зэтелъхьэныр, гъущІ пкъыгъуэзэр зэхэгъэвэныр, парикмахер, пщафІэ Іуэхуэхэр, си школ кІуэгъуэ мыхъуаэхэр гъэсэныр, класс нэхъыщІэхэм щІэсхэр егъэджэныр, автомобиль псынщІэхэр къызэгъэпэщыжьныр, зехьэныр, мэкъумэш техникэр къэгъэсэбэпыныр.

ЗэІущІэм доклад щищІащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм профессиональнэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Аджырэ Светланэ. Ар зэпкърыхьауэ тепсэлъыхьыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр 2016 гъэм «ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр» зэщІэхъеенныгъэм зэрыхэлэжьыхьам.

Мыгувэу къызэІуахыну чемпионатым зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІныныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ мы урысейпсо зэгухэныгъэм и щыналъэ зэзэгъэуІу центру КъБР-м щыІэм и унафэщым и къуэдзэ, «Ухуакіуэ» колледжым ІэщІагъэхэм хуегъэджэныкІэ и мастер КІуэкІуэ Мурат. Абы зэрыжиІамкІэ, 2016 - 2019 гъэхэм мы къызэщІэхъеенныгъэм хэтхэм зэфІагъэкІынухэр яубзыхуащ, иджырей чемпионатым мазаем и 27-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 2-м нэсыху ирагъэкІуэкІныну ягъэуващ.

ЗэІущІэм апхуэдэу къыщыпсэльащ «Ухуакіуэ» колледжым и Іуэхущіапіэу Шэджэм кьалэм щыІэм и унафэщым егъэджэныгъэ-производствэ Іуэхуэхэмкіэ и къуэдзэ Къэжэр Марат. Абы къыхигъэщъхьэкІащ чемпионатым зыщыхуагъэхьэзыр зэманым ведомствэхэмрэ организацэ щхьэхуэхэмрэ зэрадэлажьэр.

Емуз Нинэ зэІущІэм хэта псоми фІыщІэ яхуищІащ икІи а махуэм екІуэкІа псалъэмакъым сэбэпныкъэ хэлъу къызэрилъытэр къыхигъэщъхьэкІащ.

БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Санэ.

● Политикэ пархэм



Зэлэжьынухэр яубзыху

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щІэ къудамэм и зи чэзу зэІущІэ щІышылэм и 2-м екІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ къэкІуэну илъэсищым партыр нэхъ тегъэщІауэ. ТелажьыхьынуІ зытрауху Іуэхугъуэхэр гъэзэщІа зэрыхъуну щыІкІэм.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ «Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м и Парламентым щІэ и фракцэм и унафэщІ **Афэщ1агъуэ Михаил**. Абы жиІащ иджыблагъэ Москва щекІуэкІа партым и зэІущІэ проект 23-м елэжьыну зэрыщытраухуар, абыхэм ящыщи 4-м ди республикэр зэрыхэтынур.

Проектхэр зэрагъэзэщІэну щІыкІэмрэ нобэкІэ Іуэхур здынэсамрэ тепсэлъыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Къалэ щІыуэпс» проектыр зыгъэкІуэтэну зи пщэ дальхьа **Щхьэгуэш Адэлбий**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Къалэ паркхэр» Іуэхур зи унафэ щІэт **Марьяш Иринэ**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Щэнхабзэм и унэ» лэжьыгъэр зэзыгъэуІуну **Геккиев Заур**, «Къалэ театрхэр» Іуэхум зи нэІэ тетыну, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Кьумахуэ Мухьэдин** сыкъэ. Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министрым и чэнджэщэгъу **Бэлагъы Борис**, КъБР-м и Парламентым и унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**.

«Къалэ щІыуэпс» Іуэхум щытепсэлъыхьым, ЩхьэгуэшыМ къыкІигъэщащ лэжьыгъэр зэтраухуэн и пэ къихуэу цІыхухэм ечэнджэщым зэрыхуейр:

- Дэ къыхэтлъхьэ псоми цІыхухэр хузмеинкІэ хъунущи, абыхэм епсэльапхъэщ. Дэнэ деж тетІысхьэпІэ гъэувыпхъэми, спортзал хузныкъуэми, сабий джэгупІэ къызэгъэпэщыпхъэми къатщІэу, жылагъэр зыхуей хуэдгъаэзмэ ди лэжьыгъэм фІы къыпэкІуэнущ. Къыхэзгъэщынут къэрал мылъкур зэтрагъэкІуадэр цІыхум ящІэн папщІэ, пресс-Іуэхущіапіэхэм нэхъыбэу дадэлажьэн зэрыхуейр, - жиІащ депутатым.

Абы жиІам къыпищэу къэпсэльащ Бэлагъыр. Министрым и чэнджэщэгъум зэрыжиІамкІэ, «Къалэ паркхэр», «Къалэ щІыуэпс» проектхэр процент 92-кІэ къэрал мылъкукІэ ягъэзэщІэнущ, ар сом мелуан 188,9-рэ мэхъу, мыдрей къэнэжьыр республикэм и бюджетым къыхахынур, къалэ уэрамыщхьэхэр зыхуей хуэзэзэнущ, уэздыгъэхэр, тетІысхьэпІэхэр трагъэувэнущ.

- Гъуэгу Іуфэм тет жыгхэр ухуэнщІыным щегъэжьауэ, къалэм псы фІейр зэрыдэж бжьамийхэр зэхъуэкІыным дежи щихуэжьу, текІуэдэнур къэбжьын хуейщ. Ар лэжьыгъэшхуэщ, цІыхухэми я гупсысэ, лэжьыгъэ, къару кьытхалъхьэну хуитщи, абыхэм дащоугъэ, - къыхигъэщащ Бэлагъым.

«Щэнхабзэм и унэ» проектыр зэзыгъэуІу Геккиевым жиІащ абы сом мелуан 70 зэрыхуаутІыпщынур, абыкІэ щэнхабзэм и унэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэжынур, щэнтыщІэхэр, Іупхъуэхэр къызэращэхунур, лъэгухэр зэрызэрахьэкІынур.

Театрхэм я Іуэхур зыІутым и гугъу ищІащ Кьумахуэм. Министрым зэрыжиІамкІэ, зэкІэ лъэпкъ театрхэм я гугъу ящІынукъым. Ауэ Эстрадэм и театрыр зыхуей хуагъэзэнущ.

Марьяш и нэІэ щІэт проектым теухуауэ жиІащ мы лэжьыгъэм хухаха мылькумкІэ паркыщІэ яухуэ мыхъуу, щыІэхэр зыхуей хуэгъэзэным зэрытекІуэдэнур.

- Авдэр проектхэми хуэдэу, мыбыи жылагъуэр къыхэтшэнущ. Ди цІыхухэр зыхуэныкъуэр, абыхэм гу зылъатэ ныкъусаныгъэхэр кьыджаІамэ, хуабжьу сэбэп кьытхуэхъунут, - къыхигъэщащ депутатым.

Афэщ1агъуэм зэрыжиІамкІэ, мы гъэм кьриубыдэу проектхэр ягъэбелджылыпэу, а Іуэхур дзыхь зыхуащІыну компаниехэм зэгурыІуэныгъэ иращІылІэну я мурадщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Ди къуэш республикэхэм

Унагъуэщ1эхэм папщІэ сом мелуан 75-м щІигъу

АДЫГЕЙ. ***УФ-м и Правительствэм хэгъэгухэм тригуэшащ 2017 гъэм унагъуэщІэхэм псэупІэ кьащхьэхун е яухуэн папщІэ иратыну ахъшэр. А унафэм ипкъ иткІэ, Адыгейм къыІэрыхьэнущ сом мелуан 75,6-рэ.***

АДЫГЕЙМ и Правительствэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, а мылъкум и фІыгъэкІэ унагъуэщІэ 300-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэнущ. Республикэ, муниципальнэ бюджетхэм къыхэкІынущ сом мелуани 100. Иджыри сом мелуани 130-рэ хухахынущ сабий зеинщэхэм унэ е фэтэр къыхуащІэхуным.

Мы Іуэхур зэфІагъэкІныныр зи къалэнхэм хуагъэуващ мылъкур къызэрагъэсэбэпым, ухуэныгъэхэм я фІагъым ткІийуэ кІэлъыплъыну, унагъуэщІэхэмрэ сабий зеинщэхэмрэ чэзум гъэувыныныкІэ лэжьыгъэр нэфІ-неІ хамылъхьэу ирагъэкІуэкІыну.

Паркыщ1э къызэІуахынущ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. ***Республикэм и щыхэрым 2017 гъэм и кІэухым иригъэлІэу къыщызэІуахынущ КъШР-м щыпІэ агропромышленнэ парк. Абы метр зэбгъузэнатІэ мини 2-рэ 700-рэ къызэщІиубыдэнущ.***

- АГРОПАРКЫР Черкесск и ищхъэрэ лъэныкъуэм и хьэблэщІэм щауэхуэнущ. Республикэм и мэкъумэщыщІэхэм кьалэжьхэр абдежым езыхэм щащІфынущ дэлэл хэмыту. ЩІыпІэм щауэхуэнущ тыкуэн 750-рэ, яхуэмыщар щахъымэнухэр, - жиІащ КъШР-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр НэкІуэхъу Алий.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщ1эхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ-радио нэтынхэр ■ Малъхъэдис

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьыгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

Мазаем и 25 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ.

Мазиплым ди газетым и уасэр сом 443-рэ кІэнлейикІэ 98-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Псори егъэпІейтей

ЩІэпхъаджагъэхэм хохъуэ. Сыт щІэн хуейр?

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм 2016 гъэм я лэжьыгъэм къыриІуахэр щызэхалъхьэжащ, дызыхыхьа илъэсыщІэм и яп э мазищым къапэщыт къалэнэхэр щаубзыхуащ. Абы гулъытэ щхьэхуэ щыхуащІащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным.

ЗІУЩЭМ хэтащ КЪЕР-м и Парламентым законностымрэ хуитыныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Кривко Михаил**, къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру КЪЕР-м щыІэм и къуэдзэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ полицэм и полковник **Мамхэгъ Назир**, Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэ **Кульбаев Ахьмэд**, Налшык къалэ округым щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Бетрожь Сослъэнбэч**, Налшык къалэмкІэ УМВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, Афганистаным, зауэ щхьэхуэхэм, зэпэщІэуэвэныгъэхэм я ветеранхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и республикэ щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Былымгъуэт Беслъэн**, КЪЕР-м щыІэ МВД-м и инспектор нэхъыщхьэ, къэрал кІуэцІ къулыкъым и полковник **АфІэунэ Сергей** сымэ.

2016 гъэм я лэжьыгъэм къриІуахэм зэпкърыхаяу тепсэлъыхьащ зэІущІэр езыгъэкІуэкІа Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІ полицэм и полковник **Геграев Марат**.

- Илъэс кІуам цІыху куэд зыхэта Іуэхугъуэ 1106-м жылагъуэ шынагъуэншагъэр къыщІэздгъэпэщащ. Абыхэм къызэщІаубыдэ жылагъуэполитикэм ехьэлІаяу 310-рэ, щэнхабзэ-нэгузегъэужьныгъэ 388-рэ, спортым теухуауэ 363-рэ, диным пыщІауэ 21-рэ, пэкІу 24-рэ. Налшык щІэпхъаджагъэу сэтей къыщащІым хэхъуащ, нэхъыбэщ щІэпхъаджагъэ хьэлъэ, хьэлъэ дыдэу къыщІагъэщхэри. Фадэ нэпцІхэмрэ спиртэкІхэмрэ зыщІэхэр, ахъшэ джэгуПІэхэр къызэзыгъэпэщхэр къыщІэгъэщыным теухуа Іуэхуэхэр едгъэкІуэкІащ, - жиІащ Геграевым.

Республикэм и къалащхьэм щІэпхъаджагъэм теухуауэ и Іуэхуэхэр зытетым, ар егъэфІэкІуэным теухуауэ къэпсэлъащ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр. Абыхэм жаІам ипкъ иткІэ, Мамхэгъ Назир чэнджэщ яритащ щІэпхъаджагъэу ялэжьыр гъэмэщІэным, экстремист Іуэхуэхэр къызэпыудным, учёт-регистрацэ дисциплинэр егъэфІэкІуэным я къарур хузэщІагъэуІэну.

ЗэущІэм и кІэухым ягъэльэпІащ зи къалэнхэр хьэлэлу зыгъэзащІэ управленэм и лэжьакІуэхэр.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ (1502 – 1571)

Темрыкъуэ Идар и къуэ нэхъыжьыт, адыгэпщхэм я лІакъуэр къыщежьа Инал Нэху и къуэрылъхум и къуэрылъхут. Ар уэркъ хабзэм, захуагъэм, лъэпкъ напэм хуэпэж зауэлІ хахуэт.

XVI лэщІыгъуэм и 50 гъэхэм и кум щегъэжьауэ 1571 гъэм дунейм ехьыжыу Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щытащ. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ 1557 гъэм зауэ-политикэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІэныр зи жэрдэмар Идар Темрыкъуэщ.

Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэпыщІэныгъэхэр нэхъ быдэ хъуащ 1561 гъэм, быщхьэуІум и 21-м Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ урыс пащтыхь Грознэ Иван щхьэгъусэ хуэхъуа нэужь.

1566 гъэм беслъэнейхэр къыгуэту Идар Темрыкъуэ Буда-шэмахалым и дзэхэр зэтрикъутащ, Сунжэрэ Тэрчрэ щызэхэхуэм и деж яп э адыгэ-урыс быдапІэр къытригъэщІыхьащ. 1570 гъэм Темрыкъуэ зи пашэ хъэбэрдей шуудзэр ядзІэпыкъуащ Адыл-Джэрий кърым хъаныкъуэр зытеуа кІахэ адыгэхэм. Іэфыпіс псыежэхым деж щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэм Темрыкъуэ зэрыпІыкІыну уІэгъэхэр къыщытехуащ, абы и къуэхэу Мамсрыкъуэрэ Думэныкъуэрэ гъэру яубыдащ.

Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щыта Идар Темрыкъуэ и щІэблэр лъэужьышэ хъуакъым. Черкасскэхэ ящыщ куэдым Урысей пащтыхьыгъуэм къулыкъу щащІащ, политикэ, зауэ, дипломат Іэнатіэхэм зэфІэкІ хъарзынэхэр щагъэлъэгъуауэ тхьидэм къыхэнащ.

ИНЭРОКЪУЭ Гуащэхужь.

● Гъуазджэ

И вагъуэр лъэпкъ уафэм къыхолыдыкІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, композитор цІэрыІуэ Жырыкъ Заур къыззралъхурэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу Налшык дэт Ныбжьыщ Іэхэм я библиотекэм зэІущІэ гъэщІэгъуэн къыщыхуэзгъэпэщащ. Абы кърихьэлІат Налшык и ешхапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэс студентхэр, егъэджакІуэхэр, библиотекэм и лэжьакІуэхэр.

ЩЫПІЭ куэдым цІэрыІуэ щыхъуауэ Тут Заур екІуу игъэзащІэ «Ладонь для птиц» уэрэдымкІэ къызэІуахащ зэІущІэр.

Илъэсипщі и пэ, Жырыкъ Заур илъэс 60 щрикъум, Ныбжьыщіэхэм я библиотекэм щыхуащІауэ щыта зэІущІэр ягу къагъэкІыжа, абы щыгъуэ траха сурэтхэр къагъэлъагъуэжа иужь, а пІалъэм къриубыдэу композиторым и ГащІэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм, зригъэгъуэта лъагапІэщІэхэм тепсэлъыхьащ.

Жырыкъым жиІащ блэкІа зэманым абы куэдым зэрызрипщытар, къэхъуулІаи къемыхъуліаи зэрящІыІэр. Семэн Руслан и усэ Іэрамэм макъамэ щІилъхьащ, романс зыбжанэ итхащ, сабийхэм папщІэ пьесэ зэмылІэужьыгъуэхэр адыгэбзэм кърагъэзгъащ. Езы композиторым къызэрыкІугъэщамкІэ, нэхъыбэу ар зэлэжьар адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр урысбзэкІэ зэдзэкІыныр щ. Жырыкъым игъащІэ зэхъуэкІыныгъэ зэрыпхуэзгъэхъуПІэнур.

ЗэІущІэм Жырыкъ Заур и унагъэри гулъытэншэ щащІакъым. Абы и щхьэгъусэ Урысей Федерацэм щыхъэзиІэ и артистка Дау Марианнэрэ и хъыджэбз Жырыкъ Данэрэ Заур и уэрэдхэр жаІащ. Жырыкъым и псалъэхэм кьыхиГъэщащ и унагъуэр дзІэпІыкъуэгъушхуэ къызэрызыхуэхъур, абы музыкэр фІыуэ зэрыщалагъым езым къару мыкІуэщІ къызэрырытыр.

НыбжьыщІэхэм я библиотекэм къыщызэрагъэпэща зэІущІэр лъэныкъуитІми яфІэгъэщІэгъуэну зэрекІыкІам шэч хэлъкъым. И зэфІэкІ лъагэмкІэ лъэпкъ уафэм си вагъуэр къыхэлыдыкІхэм ящыщ Жырыкъ Заур дэпІъеин куэд къаухэкІыну дыщогугъ абы кърихьэлІа щІэблэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Композитор Жырыкъ Заур

● Къэрал Іуэхущ Іапі эхэм

Илъэсыр зыхуэдар

Къалэн куэд щызэфІагъэкІ нобэрей центрыр къэрал властым и Іэнатіэхэмрэ республикэм и щІыхьэмрэ зэрызэдэлажьэ Іэмал гъэунэхуащ. Къызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хэщІапІэ 12 районхэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къудамэ 115-рэ къыщызэІуихащ. Нарткъалэ, Тэрч, Налшык къалэхэм, Анзорей къуажэм къэрал Іуэхутхьэбзэхэр щагъэзащІэ центрхэм я къудамэхэр нэгъабэ щызэтрагъэуващ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхь псомкІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыпсэу щыпІэхэм щагъуэт. А щыкІэм тету, 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указым щигъэбелджылауэ щыта процент 90-м и пІэкІэ, ди республикэм я Іуэхур процентищэкІэ щагъэзэщІащ.

НЭГЪАБЭ и мэкъуэгъуэ мазэм МФЦ-м и хэщІапІэ псомкІэ хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ цІыкІуэхэмрэ курытхэмрэ щхьэгъубжэ щхьэхуэхэр щыхуэхахащ. Ар и фІыгъэщ «МФЦ-р бизнесым папщІэ» проектыщІэр зыгъэзащІэ щІыналъэ 35-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхагъэхьам. Проектыр тещІыхьащ МСП-хэр къэрал, муниципальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ нэхъыфІу къызэгъэпэщыным, административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщІэным. 2016 гъэ лъандэрэ МФЦ-м Іуэхутхьэбзэ щхьэхуэхэр пщІэкІэ яхуещІэ.

Мы зэманым хъэрагъэщ, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэ 330-рэ «зы щхьэгъубжэ» Іэмалкіэ ягъэзащІэ. Махуэ къэ цІыхухэмрэ Іэнатіэхэмрэ заявкэ 2300-м нэблагъэ ят.

2016 гъэм къриубыдэу «КЪЕР-м и МФЦ» ГБУ-м мин 660-рэ зыхуагъэзащ, къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэу мин щитхум щІигъу хуащІащ. 2014 - 2015 гъэхэм ар зэрыхъуар, зэрызэкІэтыжкІуэм хуэдэу, мини 136-рэ мин 366-рэщ. Иужьрей зэманым щІыпІэ администрацэхэм (процент 30,95-рэ), Урысей реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (процент 27,9-рэ), къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэм (процент 11,26-рэ) къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр нэхъыбэу къагъэсэбэп хъуащ. Ар къыхэкІащ Іэпхъуэщапхъуэхэм я федеральнэ къулыкъущ Іапі эр МВД-м зэрыратыжам, апхуэдэу центрхэм зэфІагъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр хэІущІыІу зэрыхъуам. Нэхъ щІэупщІэ зиІэ Іуэхутхьэбзэхэм ящыщщ:

- идентификацэмрэ аутентификацэмрэ я системэ зэхэтым зыщегъэтхыныр;

- и унагъуэр зэрыхъум теухуа справкэр тыныр;

- ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэхэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щыкІэмрэ къэралым итхыныр Іуэхутхьэбзэхэр;

- унэ тхьилъым кьитхыныр;

- «ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ яІэ хуитныгъэмрэ ахэр зэрызэрагъакІуэ щІыпІэмрэ теухуауэ Зыуэ щыт къэрал реестрым щахъумэ хъыбархэр тынымкІэ Іуэхутхьэбзэхэр.

«КЪЕР-м и МФЦ» ГБУ-м и лэжьакІуэхэм ЕСИА-м къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэ и порталым щІыхь мин 94-рэ нэгъабэ щатхащ.

Къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъэ къызэращІытэ хъыбарегъащІэ- аналитикэ системэм (МКГУ-м и ИАС) къызэритамкІэ, 2015 гъэм цІыхухэр процент 97,5-кІэ арэзы ящІамэ, ар нэгъабэ процент 99,34-м нэсащ.

Къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэм республикэ бюджетым хэхъуэ къыхуахь. Къапщтэмэ, я хэщІапІэм щыхуащІэ Іэхутхьэбзэхэм къапэкІуэ пщІэм - къэрал пошлинэм и хьэкъкІэ сом мелуан 28-м щІигъу гъэ кІуам къалэжьащ. Ар 2015 гъэм елытауэ процент 40,7-кІэ нэхъыбэщ.

«Зы щхьэгъубжэ» Іэмалкіэ ягъэзащІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэхэм хагъэхъуэну я мурадщ.

Мазаем и 1-м щегъажьауэ МФЦ-м хамэ къэрал паспортыр щагъэзэхьэзырынущ: документыжьхэмэ, щІэхэмэ хуэдэхэр щатынущ. КьищІынэмыщІауэ, транспортыр зэрагъэкІуэну хуит зыщІ тхьилъым и пІалъэр икІамэ е ар афІэкІуэдамэ, мы мазаем къыщыщІэдзауэ хуахъуэжьынущ.

ЛОБЖАНИДЗЕ Нанэ,
«КЪЕР-м и МФЦ» ГБУ-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 4, *щэбэт*

♦Лышх узыфэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦1719 гъэм Пётр Езанэм Іэ щИдзащ Урысейм щыпсэуэр бжьым теуха унафэм. Нахъапэм апхуэдэ лэжьыгъэ къэралым щрагъэкІуэкІатэкъым.

♦1722 гъэм Пётр Езанэм къыдигъэкІащ Урысей империем и дзэхэм, къэрал Іуэхущ Іапі эхэм я Іэтащхьэхэм яхуэгъэзэ, щхьэж иІыгъ къулыкъым ипкъ иткІэ ахэр зи унафэ щІэтынуэр щыуБзыхуа законыр - «Къулыкъуэхэм ятеуха табель»-р.

♦1789 гъэм Вашингтон Джордж США-м и япэ президенту хахащ.

♦1932 гъэм Лэйк-Плэсид (США) къыщызэІуахащ III ЩІымахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр екІуэкІащ мазаем и 4 - 15-хэм.

♦1935 гъэм Москва и метром и гъущІ гъуэгум япэ мафІэгур ирикІуащ.

♦1945 гъэм щІидзащ Кърым (Ялтэ) конференцым. Абы хэтащ СССР-м, США-м, Инджылызым я къэрал унафэщІхэу Сталин Иосиф, Рузвельт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ. Абы щащІа унафэм иубзыхуауэ щытащ Европэр илъэс куэдкІэ зытета геополитикэ щІыпкІэр.

♦1976 гъэм Инсбрук (Австрие) къыщызэІуахащ XII щІымахуэ Олимп джэгуэхэр. Зэпеуэхэр мазаем и 4 - 15-м екІуэкІащ.

♦2004 гъэм «Facebook»-м лэжьэн щІидзащ.

♦Къэрал, дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунэйрэ и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Ворошилов Климент** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Кваша Игорь** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Журналист, КЪЕР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Белгэрокъуэ Евгение** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, зэдзэкІакІуэ, КЪЕР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэлбахъуэ Елбэрд** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы ІакІуэ, композитор цІэрыІуэ, Азербайджаным и цІыхубэ артист, а къэралым щэнхабзэмкІэ и министру щыта **Полад Бюль-Бюль оглы** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгуэхэм лъэрыжькІэ мылым къыщыфэн лІэужьыгъуэмкІэ тІэунэйрэ я чемпион хъуа **Гриньков Сергей** къызэралъхурэ илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Мазаем и 5, *тхьэмахуэ*

♦1783 гъэм Италием щІыр щыхъеящ, нэхъапэм дунейм къыщыхъуахэм я нэхъ лъэщхэм икІи нэхъ кІыхьхэм ящыщу. МазитІкІэ екІуэкІа а къэхъуакъащІэ шынагъуэм и эпицентрыр зыхуэза Реджо-ди-Калабрие къалэри нэгъуэщІ жылагъуи 180-ри щІым щыщ ищІат, цІыху мин 60-м щІигъу хэкІуэдат.

♦Шотландием щыщ къэхутакІуэ, автомобилхэм щІалъхьэ хьэфэ шэрхъхэр къэзыгупсыса, ахэр къыщІэзыгъэкІыу щІэзыдза **Данлон Джон** къызэралъхурэ илъэси 177-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, литературэ критик, публицист **Добролюбов Николай** къызэралъхурэ илъэси 181-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛІыхъужь **Матросов Александр** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ зэпэщІэ илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс куэдкІэ щылэжьа, УФ-м и цІыхубэ артист **Токъуий Хъусен** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Журналист, КЪЕР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тэрчыкъуэ Исуф** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Португалием щыщ, дунейм щынэхъ Іэзэ дыдэ футболистхэм хабжэ, Испаниием и «Реал» (Мадрид) командэм щыджэгу **Роналду Криштиану** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 5, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Мазаем и 6, *блыщхьэ*

♦ЦІыхубзхэм я узынщагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкІуэкІыным и дунейпсо махуэщ

♦1936 гъэм Гармиш-Партенкирхен къалэм (Германие) къыщызэІуахащ IV ЩІымахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр мазаем и 16 щІоІндзэ екІуэкІащ.

♦1968 гъэм Гренобль къалэм (Франджы) къыщызэІуахащ X ЩІымахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр мазаем и 18-м зэхуащІожащ.

♦1918 гъэм Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкІуэм теухуа декрет кьыдэкІащ.

♦1930 гъэм Совет Армэм и академическэ театр нэхъыщхьэр къызэІуахащ. Иджыпсту ар Урысеидзэм и академическэ театр нэхъыщхьэщ.

♦1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщІэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦США-м и 40-нэ президент (1981 - 1989 гъэхэм тетащ а къулыкъум) **Рейган Рональд** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦КЪЕР-м и цІыхубэ артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦СССР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и отличник, КЪЕР-м и цІыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор, УФ-м и Журналджэхэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Матвиенкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Журналист, продюсер, «Ямэ канал» телекомпанием и генеральнэ унафэщІ **Эрнст Константин** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, журналист, дохутыр **ПщыкІ Латмир** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дахэ и щІагъ фо щІэлъщ.

● Налшык къалэ

И пІалъэр зэрикІам къыхокІ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапі эмрэ ЖКХ-мкІэ и къудамэмрэ я лэжьакІуэхэм къалэм и Бээр нэхъыщхьэм дэт парёкыр щІышылэм и 31-м Іуэхащ. Апхуэдэ унафэ къащтащ ар зеймрэ къалэ муниципалитетымрэ зэхуаІэ зэгурыІуэныгъэм и пІалъэр зэрикІам къыхэкІыу.

МУНИЦИПАЛЬНЭ кІэлъыплъыныгъэмкІэ управленэм и къалэхуэхэ инспекцэ къудамэм и унафэщІ Багъэтыр Батырбэч зэрыжиІамкІэ, къащта схемэм езэгъыу икІи зэпеуэр и лъабжьэу Налшык къалэм и щІыналъэ сату щІыпІэхэр зэрыщІагъэувыр къалэ администрацэм и арэзыныгъэ хэлъщ.

ЗэуІуу къапщытэ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапі эмрэ потребительскэ рынокымкІэ и управленэм рекламэмкІэ и къудамэмрэ я Іэщ Іагъэлі эхэм хабзэм къемызэгъ рекламэхэр фІегъэхьжьыным теухуа зи чэзу рейдыр щІышылэм и 30-м ирагъэкІуэкІащ.

АЛЭЖЬЫГЪЭР Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым - къалэм и къыдыхьэпІэмрэ хъэщІэхэр щызэблэкІ гъуэгумрэ - щызэфІагъэкІащ.

- Хуимыту фІадза рекламэхэр къэхутэным, Іуегъэхьжьным, къуанщэхэр административнэ жэуапым ешэлІэным хуэунэтІа Іуэхугъуэ пыухыкІа-хэр Налшык къалэ округым и щІынальэм зэуІуу щызекІуэкІуэкІ. Абы, щэч хэмылъу, фІы кьрокІуэ, хабзэм къемызэгъ рекламэхэр республикэм и щыхьэрым ныж мащІэ щохъу. Апхуэдэ рейдхэр зэпымыууэ едгъэкІуэкІынущ, - къигъэлъэгъуащ щІыпІэ администрацэм муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІм и къуэдзэ Апажэ ТІэхьир.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

● Щlэныгъэлlым и чэнджэщ

Гугъуехьхэр къызэнэкlынырэ зэманым къигъэв къалэнщ

